Italie

# LAN NGA WARA XAM CI WÀLLU TOXAL

## WËY BINDU YI NGIR AM KAARANGE BITIM RÉEW



**Ñu bàyyi ci xel.** Teere bii amna xibaar yu la amal solo.
Bu amee lenn loo xamul, mën nga ko laaj ab ligeeykat mu leeral la.

WOLOF

# LI TEERE BI LÀQQ


lan mooy toxal? 3

Bu ñu la tànnee, ci ban réew lañu lay toxal? 4

Lan lañuy xaar ci yaw buñu la tànnee ngir toxal la? 5

Lan mooy xew boo yombalul ligeeykat yi ligéey bi? 5

Waa bu fekkee danga nekk ak say mbokku nak? 6

Ndax dinañu amal jotaayu laaj-ak-tontu lu jiitu toxal bi? 6

Lan nga mëna def boo àndul ci dogalu toxal bi? 7

- Woote ñàkka nàngu buy waral ñu boole taxawal dogal bi ak xoolaat ko bu baax 8
- Woote ñàkka nàngu buy waral duñu defandoo taxawal dogal bi ak xoolaat bi 9

Ban diir la toppatoo toxal bi di am? 10

Lan mooy xew ci ginaaw toxal bi? 11

## LAN MOOY TOXAL?

Réew yu bokk ci Réew yu booloo yu Órob ak yeneen 4 Réew wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin dëppoo nañu ci ab yoon bu ñuy woowee Anam bu ñuy Yoree mbiri Asil ak Doxandeem (AMMR). Yoon woowu mooy tax ñu mëna jël dogal ci ban ci réew yii moo wara càmbar ab bindu ngir am kaarange bitim réew. Réew yii ñooy réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.



Bu fekkee ab réew dafa jotandoo ay bindu yu bari ngir kaarange bitim réew te mënu leen toppatoo, yeneen réew yi mën nañu ko dimbali ci anan yu wuute. Yenn wey bindu yi mën na am ñu yobbu leen ci beneen réew. Loolu lañuy woowee toxal.

Bu loolu amee, mën na am sa bindu ngir am kaarange bitim réew duñu ko càmbar ci biir réew mi. Fiñu tollu nii 26 rekk ci réew yu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñoo mëna bokk ci toxal yi ci yeneen réew.

**LU AM SOLO! Yaa ngi léegi ci Italie mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**

26 réew yu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin yi mëna bokk ci toxal yi fiñu tollu nii ñooy: Belgique, Bulgarie, Tchéquie, Allemagne, Estonie, Irlande, Grèce, Espagne, France, Croatie, Italie, Chypre, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Hongrie, Malte, Pays-Bas, Autriche, Pologne, Portugal, Roumanie, Slovénie, Slovaquie, Finlande ak Suède.

5 réew "yi àndandoo" ak yeneen réew yi bokkul ci toxal yi fi ñu tollu nii ñooy: Danemark, Islande, Liechtenstein, Norvège ak Suisse.

## BU ÑU LA TÀNNEE, CI BAN RÉEW LAÑU LAY TOXAL?

Njiit yi dina ñu jël dogal ci kan lañu wara mëna toxal.


Ci lu jiitu, dina ñu gëstu ndax amna mbir **yu dëgër yu lay lëkkale ak** beneen réew. Mbir yi lay lëkkale yooyu mën na ñu sukkandiku ci:

- cëslaayu mbokkoo (mbokk yu jege waaye tamit ñu gën ko yaatal ba ci sa doomi pappa bu ndaw)
- cëslaayu àda-ak-cosaan (ci misaal bu fekkee degg nga làkku réew moomu)

**LU AM SOLO!** Mënoo tànn ci ban réew lañu lay toxal.

Boo amee ay kayit yuy firndeel li la lëkkale ak beneen réew, war nga leen jox njiit yi ci saasi. Bu loolu amul, njiit yi duñu mëna bàyyi xel li la lëkkale.

Waaye nak, loolu tekki wul ni warlu nañu ni dina ñu la toxal ci réew moomu.



Boo amul mbir yu dëgër yu lay lëkkale ak beneen réew, dinañu la toxal ci réew moo xam ni réew yi bokk ci toxal yi ñoo ciy jël dogal.

Boo amee firnde yuy wane ni amnga mbir yu dëgër yu lay lëkkale ak beneen réew, war nga leen mëna joxe ci boo jëfandikoo xibaar yii ci suuf.

## LAN LAÑUY XAAR CI YAW BUÑU LA TÀNNEE NGIR TOXAL LA?




Buñu la tànnee ngir toxal la, war nga:

- ànd ak njiit yi ci ligeey bi te topp seeniy ndigal
- desal ci réew mi ba kerook taarix bi nga wara tukki te njiit yi war nañu lay mëna jot
- nekkal ci réew bi ñu la toxal ba ñu càmbar sa bindu.

## LAN MOOY XEW BOO YOMBALUL LIGEEYKAT YI LIGÉEY BI?

**LU AM SOLO!** Boo àndul ak njiit yi ci ligeey bi, loolu dina am ay jeexital yu baaxul ci yaw.




Boo tukkee ci beneen réew te amuloo ci ndigalu njiit yi wala nga joge ci réew bi ñu la toxal, dinga ñàkk yenn sañ-sañ yi nga amoon ndax li nga nekk aji bindu. Ci misaal:

- dootu **loo jotati xeeti jàppale aki ndimbal yu bari**
- dootu **loo amati ndigal ci ligeey** wala **ci jàng ay xam-xam.**


## WAA BU FEKKEE DANGA NEKK AK SAY MBOKKU NAK?

Bu fekkee ni danga ànd ay mbokku yu jege fi ñu tollu nii te ñu tànn la ngir toxal la, dinañu toxal sa waa-kër yi ak yaw.

Jàpp nañu ni mbokk yu jege ñooy:



- jëkkër wala jabar
- nekkaale boo xam ni seen diggante dafa sax



- doom (bu amagul 18 at te duggagul ci neegu sey).

## NDAX DINAÑU AMAL JOTAAYU LAAJ-AK-TONTU LU JIITU TOXAL BI?



Buñu soxla wee ay xibaar yu gëna yaatu ci yaw, dinañu def ab jotaayu laaj ak tontu. Dina jëm ci wàllu kaarange. Boo bëggee dem ci jotaayu laaj ak tontu buni mel, njiit yi dinañu la jox ay leeral ci lu jiitu.

## LAN NGA MËNA DEF BOO ÀNDUL CI DOGALU TOXAL BI?



Buñu nàngoo toxal la, dinañu la jox ab **dogalu toxal** buy leeral ci ban réew lañu lay toxal.

Boo nànguwul dogalu toxal bi, mën nga jox këru àttekaay bi sabab yi nga jàpp ni ñoo ko waral. Loolu lañuy woowee jebbel ab ñàkka nàngu ci kanamu yoon. Boo wootee ab ñàkka nàngu ci kanamu yoon ci ab dogal, ab ëttu àtteekaay wala këru àttekaay mooy jël dogal bu mujju bi.



Bu ko laajee, ab xelalkat ci wàllu yoon ak ab firikatu làkk mën nañu la dimbali ci woote ñàkka nàngu bi ci lu amul fay.

Ñetti sabab rekk ñooy tax ñuy woote ab ñàkka nàngu ci ab dogalu toxalaat:

- da ngay ñaxtu ni toxal bi ci ab réew dëppoo wul ak say àq ak yelleefu doomu aadama
- amnañu xibaar bu bees bu mëna am ay jeexital ci dogal bi bu ñu amul woon ci jamono biñuy jël dogalu toxal bi
- danga am mbokk ci beneen réew buñu la wara booleel.

Boo àndul ak dogal bi ñu jël ngir toxal la ci beneen réew, war nga fexee jàppale sa bopp ci yoon, di weddi dogal boobu ci biir àpp wi ñu bind ci dogalu toxal bi.

Àpp bi ci naka lañuy jebbalee ab ñàkka nàngu dina ñu ko leeral ci dogalu toxal biñu lay jox.

War nga joxe sabab bi wala sabab yiy waral sa ñàkka nàngu sa dogalu toxal bi ci beneen réew.

War nga itam joxe sabab bi wala sabab yiy tax waruñu la toxal ci réew mi fekk sa bindu bi mi ngi wey.

Këru àtteaay bi dina njëkka jël dogal ci ndax da ngay xaar liy tukkee ci woote ñàkka nàngu bi ci biir réew mi ci diiru **1 weer** fekk sa woote bi mu ngi wey. Loolu lañuy woowee woote buy waral ñu taxawal dogal bi.


Bu fekkee këru àttekaay bi dafa jël dogal ci ni doo mëna xaar ci biir réew mi liy tukkee ci woote ñàkka nàngu bi, dinañu la toxalci réewu toxal bi fekk sa woote bi mu ngay wëy.

Bu fekkee këru àtteekaay bi dafa jël dogal ni dañu la wara bàyyi nga nekk ci biir réew mi fekk sa woote bi mu ngay wëy, këru àtteekaay bi dina jeema jël dogal bu mujju ci ndax dañu la wara toxal ci réewu toxal bi ci diiru weer tàmbalee ko ci taarixu dogal biy waral ak taxawal.

Bu fekkee ni sa woote bi nàngu wuñu ko, dinañu la toxal ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi wara càmbar sa bindu. Toxal bi war na am ci diiru 4 Ayubes tàmbalee ko ci taarix bi këru àtteekaay bi jëlee dogalam bu mujju bi.

**LU AM SOLO!** War nga ànd ak njiit yi ci ligeey bi te nga dem ci réew mi ñu la toxal.

# BAN DIIR LA TOPPATOO TOXAL BI DI AM?




Boo wootewul ñàkka nàngu ci dogal bi, toxal bi mën na am ci diiru 4 ayubes ci ginaaw bu réewu toxal bi bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin saxalee sàkkuteef bi.

Bu fekkee ab këru àttekaay dafa jël dogal ci ni amul luy tax nga mëna xaar ci biir réew mi fekk sa woote ñàkka nàngu bi mu ngi wey, dinañu la toxal ci réewu toxal bi fekk sa woote ñàkka nàngu bi mu ngi wey.

boo wootee ñàkka nàngu ci dogal bi ñu jël te këru àttekaay bi jël dogal ni war nga des ci biir réew mi fekk sa woote ñàkka nàngu bi mu ngi wey, toxal bi dina am ci diiru 4 ayubes ginaaw dogal bi ci woote ñàkka nàngu bi, bu fekkee nàngu wuñu dogal bi. Dinañu la yëgal ci diiru 2 bes lu mu néew-néew laata toxal bi Buñu nàngoo sa woote ñàkka nàngu ci kanamu yoon, du ñu la toxal te dinga des ci réew mi.

Bu fekkee ab këru àttekaay dafa jël dogal ci ni amul luy tax nga mëna xaar ci biir réew mi fekk sa woote ñàkka nàngu bi mi ngi wey, dinañu la toxal ci réewu toxal bi fekk sa woote ñàkka nàngu bi mi ngi wey.

## LAN MOOY XEW CI GINAAW TOXAL BI?

Ci yoon, réewu bi ñu lay toxal dina càmbar sa bindu ngir am kaaraange bitim réew. bu fekkkee ci ginaaw toxal bi yëg nañu ni amnga mbokk ci beneen réew mën na am ñu toxal la ci réew moomu ngir càmbar sa bindu.

Teere bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Mbootaayu Réew yu booloo yu Órob ngir dalal daw-làqqu yi (EUAA) moo joxe li ëpp li nekk ci jumtukaay bi, te EUAA mooy joxe digal ci sotti wala soppi jumtukaay bi ci réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob. EUAA amul lenn lumu warlu ci wéraayu xibaar yi nekk ci teere bi te tukkee ci réew yu bokk ci kureelu Réew yu booloo yu Órob, ci luñuy wund, ci seen mataay, ci seen dëppoo ak yoon wala ci seen wóoraay. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk teere bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025